

Metropolitan Transportation Authority ("MTA"), nan non tèt li ak filyal li yo, ap òganize yon odyans piblik dapre **Atik 2 nan Lwa sou Pwosedi Domèn Eminan Eta Nouyòk la (Eminent Domain Procedure Law, EDPL)** sou pwòje acha enterè byen pèmanan nan byen ki nan Awondisman ki nan Queens, Bronx, ak komin ki nan Westchester pou **Pwojè Aksè Penn Station nan (Penn Station Access Project ("Project"))**. Odyans lan pral revize itilizasyon piblik yo, benefis, objektif yo, ak lokasyon Pwojè a, enpak Pwojè a ka genyen sou anviwònman an ak rezidan yo nan zòn lan, epi li pral bay piblik la yon opòtinite pou fè kòmantè sou Pwojè a ak akizisyon Pwopriyete yo pwopoze a.

Deskripsyon Pwojè a

Pwojè Aksè Penn Station nan ap bay aksè tren dirèk nan Penn Station-New York ak pati wès Manhattan depi nan sid Connecticut, Komin Westchester, ak pati lès Bronx ki bay kliyan Liy New-Haven yo yon sèvis dirèk epi mete sou pye yon sèvis tren ki pratik, dirèk pou kominote ki nan pati lès Bronx ki pa resevwa bonjan sèvis transpò piblik. Pwojè a pral pote anpli amelyorasyon enfrastrikti liy Hell Gate ki nan Amtrak la e pral konstwi kat (4) estasyon Metro-North ansanm ak liy ki nan pati lès Bronx lan nan Huts Point, Parkchester-Van Nest, Morris Park, al Co-op City. Odyans Piblik sa a gen enterè byen yo ki nesè pou Pwojè a.

Dat, Lè, ak Lokal kote Odyans lan ap fèt

Mèkredi 22 Jen 2022

Odyans lan ap kòmanse a 6:00 PM - Enskripsyon an ap fèmen a 6:30 PM.

Residence Inn New York the Bronx nan Metro Center Atrium

1776 Eastchester Road
Bronx, NY 10461

Enskripsyon pou pale ka fèt davans lè w ale sou sit entènèt la new.mta.info/penn-access-hearing ki pral rete ouvè jiska dat odyans lan.

Piblik la ka konekte sesyon k ap fèt sou entènèt la pa mwayen Zoom oswa yo ka rele (877) 853-5247 (ID Reyinyon 846 6449 6265). Y ap bay yon lyen tou sou sit entènèt MTA a.

Pou w jwenn plis enfòmasyon, pou enskri alavans pou Pale, oswa pou Voye Kòmantè

Moun ki vle yo tandè yo dwe enskri sou sit entènèt la. Temwayaj aloral ap limite a twa (3) minit sèlman. Ou ka prezante temwayaj aloral oswa soumèt deklarasyon alekri pito oswa pou konplete temwayaj oral ki konsènan pwojè yo pwopoze a. Nap aksepte kòmantè alekri yo anliy. Ou ka soumèt kòmantè yo tou pa lapos nan: MTA Government & Community Relations Attn: Pwojè Aksè Penn Stations, 2 Broadway, B20.81, New York, NY 10004

Yo dwe depoze tout kòmantè alekri yo anvan 5:30 PM 8 Avril 2022. Kòmantè nou resevwa apre dat ak lè sa pap konsidere.

Pou kesyon konsènan Odyans lan, kontakte: Joe O'Donnell, MTA Construction & Development, 2 Broadway, New York, N.Y.10004 Tel. (646) 252-2959 or Joseph.O'Donnell@mtacd.org.

Nenpòt pwopriyete oswa lòt pati ki enterese ki ta ka vle konteste pwopriyete yo pwopoze pran an atravè kontwòl jidisyè ka fè sa sèlman sou baz pwoblèm, reyalite, ak objeksyon ki te sòlve nan odyans piblik EDPL la.

LOKASYON & KALITE ENTERÈ PWOPRIYETE KE YO KAPAB ACHTE

Awondisman	Blòk	Teren	Adrès Byen	Kalite Enterè
Bronx	2599	1	Southern Boulevard	Prelèvman Pasyèl Pèmanan
Bronx	2599	89	400 Walnut Avenue	Prelèvman Pasyèl Pèmanan
Bronx	2599	123	327 Walnut Avenue	Prelèvman Pasyèl Pèmanan
Bronx	2741	50	1161 Garrison Avenue	Permanent Full Taking
Bronx	3017	28	1476 Sheridan Expressway	Prelèvman Pasyèl Pèmanan
Bronx	3910	36	Van Nest Avenue	Permanent Full Taking
Bronx	4042	254	2015 East Tremont Avenue	Permanent Full Taking
Bronx	4411	300	1770 Stillwell Avenue	Prelèvman Pasyèl Pèmanan
Queens	120	50	50-02 Northern Boulevard	Prelèvman Pasyèl Pèmanan
Queens	1024	152	58-11 30th Avenue	Prelèvman Pasyèl Pèmanan
Queens	1113	43/7501	30-30 60th St a/k/a 57-07 31st St	Prelèvman Pasyèl Pèmanan
Queens	1114	11	60-01 31st Avenue	Prelèvman Pasyèl Pèmanan
Westchester	238	10	171 Huguenot Street	Prelèvman Pasyèl Pèmanan
Westchester	238	20	8 Commerce Drive	Prelèvman Pasyèl Pèmanan
Westchester	238	21	12 Commerce Drive	Prelèvman Pasyèl Pèmanan
Westchester	250	1	8 Joyce Road	Prelèvman Pasyèl Pèmanan
Westchester	267	3	Oak Street	Prelèvman Pasyèl Pèmanan
Westchester	267	15	2525 Palmer Avenue	Prelèvman Pasyèl Pèmanan
Westchester	267	30	2533 Palmer Avenue	Prelèvman Pasyèl Pèmanan
Westchester	308	29	186 Lisperard Avenue	Prelèvman Pasyèl Pèmanan
Westchester	308	30	Oak Street	Prelèvman Pasyèl Pèmanan
Westchester	310	20	2425 Palmer Avenue	Prelèvman Pasyèl Pèmanan

Sèvis Aksesibilite ak Sèvis Èd pou kesyon Lang

Nan odyans piblik la ki te fèt anliy ak an pèsòn an menm tan, Sou titraj ak Lang Siy Ameriken ap disponib.



Manm nan piblik la ki soud oswa ki difisil pou yo tandè ka itilize sèvis transmisyon yo vle a oswa yo ka itilize sèvis transmisyon gratis 711 lan, epi mande pou yo konekte yo nan nimewo Odyans Piblik lan ki se (646) 252-6777 pou yo pale ak yon ajan.

Manm nan piblik lan ki avèg oswa ki pa wè byen ka mande mezi adaptasyon anvan oswa nan dat **16 Jen 2022**, lè yo voye yon demann sou entènèt oswa rele liy ki la pou odyans piblik la nan (646) 252-6777 sòti 6:00 AM pou rive 10:00 PM chak jou.

Manm nan piblik lan ki pa gen aksè ak yon òdinatè oswa ki pa gen aksè a entènèt ka tandè chak odyans yo lè ou rele sesyon k ap fè sou Zoom nan 877-853-5247 (gratis). Epi antre ID reyinyon ki fèt sou entènèt la ki se 846 6449 6265, epi peze siy dyèz (#).

Si w bezwen èd pou kesyon lang oswa nenpòt mezi adaptasyon, tanpri voye anvan 16 Jen 2022 nan youn nan fason sa yo: anliy, rele nan liy ki la pou odyans lan nan (646) 252-6777, oswa voye yon lèt bay:

MTA Government & Community Relations, Re: Penn Station Access Project, 2 Broadway, B20.81, New York, NY 10004



Metropolitan Transportation Authority

www.mta.info

